Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэха!

ЧЕРКЕС

ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащІэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым и оргэнщ

№ 116(2343) | Щэбэт, октябрым и 7-м 1944 гъ. | И уас. кІ. 20

Къэгъунэгъу Октябрым и XXVII-рей илъэсыр дгъэмахуэшхуэнщ илъэс лэжьыгъэр дыухауэ, гъавэр къэралым етыныгъэмкІэ планыр дгъэзэщІауэ, щІымахуэм Іэщыр щІэшыныгъэм фІыуэ зыхуэдгъэхьэзырауэ.

Бжьыхьэ вэн-сэнымкІэ Краснэ Знамя зыІэпахыр ІэрылъхьэныгъэмкІэ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым и бюромрэ гуащІэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомымрэ Октябрым и 6-м 1944 гъэм ящІа постановление

ВКП(б)-м и обкомымрэ гуащІэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомымрэ я Краснэ Знамя зыІэпахыр етын **Кировскэ** районым, бжьыхьэ вэн-сэнымкІэ зи колхозхэм пятидневкэ блэкІам процент 15 къезыгъэхъуам.

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым и секретарь П. ДЗАРАГАЗОВ

ГуащІэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомым и председатель М. ДОРОХОВ.

Тракторхэм къалэжьын хуейр Хьэбэз МТС-м игъэзэщІащ

Октябрым и 1-м ирихьэлІу Хьэбэз МТС-м и тракторхэм ягъэзэщІащ илъэсым къалэжьын хуей планыр.

Тов. Балов, и тракторнэ бригадэ „Черкес плъыжь" колхозым щылажьэм илъэс планыр игъэзэщІащ проценти 183, тов. Бештаов и тракторнэ бригадэ Тимошенкокlэ зэджэ колхозым щылажьэм—проценти 160, КировкІэ зэджэ колхозым щылажьэ тов. Коховым и тракторнэ бригадэм—проценти 153.

Октябрым ипэ ихуэу зызыубгъу социалистическэ зэхьэзэхуэныгъэм хыхьахэу, тт. Балов, Бештаов, Кохов сымэ обязательствэ къащтахэщ илъэсым тракторхэм къалэжьын хуей планыр ноябрым и 7-м ирихьэлІу процент 200 ягъэзэщІнхэу.

В. Кулов.

Хьэбэз МТС-м и парторганизациям и секретарщ.

Къалэжьым щыкІэ щІырагъэгъуащ

Икон - Хьэлъкъ районым щыщ „Берлик Джашаукlэ" зэджэ колхозым и колхозхэт 60-м махуэ псом зэщІакъуэжар нартыху гектари 5. Абхуэду колхозым нартыхур хому зэщІакъуэжыныгъэр къызхэкІар колхозым и правлениям тэмаму руководствэ имытыныгъэращ. Колхозэхэтхэр, звенохэр зэрылажьэхэм зырыкІ кІэлъыплъэкъым, щхьэж зэрыфІэкІэ лажьэхэт. Гъавэр къэралым етыныгъэмкІэ фронтовой декадник ирагъэкІуэкІыну щагъэувым щыгъуэ колхозым и правлениям и руководствэр зэрихъуэкІащ. Дэтхэнэ звенорикІ зэлэжьын хуей участкэр паупщІащ дэтхэнэ колхозхэт къэсыхункІи къилэжьын хуей нормэр ягъэуващ. Нартыхур зэрыдачыжым колхозым и председатель кІэлъыплъ зэпыту щІидзащ. Ар нэхъ къыкІэрыху звенохэм яхэуэри ягъэлъэуащ зэрылэжьэн хуейр.

Абхуэду егугъуу лэжьэныгъэм къыхэкІкІэ иужьырей махуэм а колхозхэт 60-м къыдачыжащ нартыху гектар 15. Звеном члену хэт псомкІ нормэм щІигъуу ягъэзэщІахэщ.

Тов. А. А. Жданов Хельсинки кІуэныгъэр

ХЕЛЬСИНКИ, октябрым и 5-м. (ТАСС). Союзнэ Контрольнэ Комиссиям и председатель генерал-полковник А. А. Жданов нобэ Хельсинки нэсащ. Аэродромым деж тов. Жданов ирагъэблэгъахэщ финскэ премьер-министр Кастрен, премьер-министрым и заместитель икІи обороныкІэ министр Вальден, хамэ къэрал Іуэхуэмкlэ министр Энкель, къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкlэ министр Хиллиля, транспортымрэ общественнэ лэжьыгъэхэмрэкІэ министрым и заместитель Вуори, тенджыз къарухъуэкІащ. Дэтхэнэ звенорикІ зэлэжьын хуей участкэр паупщІащ дэтхэнэ колхозхэт къэсыхункІи къилэжьын хуей нормэр ягъэуващ. Нартыхур зэрыдачыжым колхозым и председатель кІэлъыплъ зэпыту щІидзащ. Ар нэхъ къыкІэрыху звенохэм яхэуэри ягъэлъэуащ зэрылэжьэн хуейр.

Абхуэду егугъуу лэжьэныгъэм къыхэкІкІэ иужьырей махуэм а колхозхэт 60-м къыдачыжащ нартыху гектар 15. Звеном члену хэт псомкІ нормэм щІигъуу ягъэзэщІахэщ.

хэм я командующэ генерал-лейтенант Вальве, хамэ къэрал Іуэхуэмкlэ министрым и протокольнэ отделым и директор Хаккарайейн, тенджыз къарухэм я штабым и начальник контр-адмирал Сундман, Нюландский губернатор генерал Хелениус икІи хамэ къэрал Іуэхуэмкlэ министрым и ответственнэ чиновникхэм.

Союзнэ Контрольнэ Комиссиям и лъэныкъуэкІэ тов. Жданов ирагъэблэгъахэщ Комиссиям и ответственнэ лэжьакІуэхэм.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКІЫУ

Октябрым и 5-м и оперативнэ сводкэ

Октябрым и 5-р екІуэкІыхункІэ Югославиям и щІым деж город ПЕТРОВГРАД и ищхъэраІуэкІэ икІи и ипщаІуэкІэ ди дзэхэм, Югославиям и Народно Освободительнэ армиям и частхэрикІ зауэу, ягъусэхэу, къэщтащ город икІи гъущІгъуэгу зэхыхьэпІэ ПАНЧЕВО, абы хуэдэ къабзу зауэкІэ къащтахэщ нэгъуэщІ къуажэ 50-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр АЛЕКСАНДРОВО, БОШАЙИД МЕЛЕНЦИ, МУЗЛЯ, ЭЧКА, ЧЕНТА, БАРАНДА, ОПОВО, СЕФКЕРИН, ГЛАГОНИ, ВИЙЛОВИЦА, СТАРЧЕВО, гъущІгъуэгу станцхэу НОВА КЫРНИЯ, ЧЕСТЕРЕК, МЕЛЕНЦЫ. Бжыгъэ тэрэзхэмкlэ, ПЕТРОВГРАД, ВРАШАЦ районхэм щыІэ аэродромхэм деж ди дзэхэм къащтахэщ бийм и самолет 76.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчик тэр мэплъакІуэхэр икІи щІыпІэ гуэрхэмкІ щІыпІэ мыхьэнэ иІэу зауэ щокІуэкІыр.

Октябрым и 4-м и кІуэцІкІэ ди дзэхэм щІыпІэ мыхьэнэ иІэу зауэ ирагъэкІуэкІкІэрэ. зэхакъутахэш немецкэ танк 37.

* * *

Югославиям и щІым деж город Петроград и ипщаІуэкІэ ди дзэхэм, Югославиям и Народно-Освободительнэ армиям и частхэр зауэу ядэщІыгъуэу, къащтащ мыхьэнэшхуэ зиІэ гъущІгъуэгу зэхыхьэпІэ икІи город Панчево. А городыр Белград и ищхъэрэ-къуэкІыпІаІуэкІэ километрэ 14-кІэ щыІэщ Дунай псым и ищхъэрэ Іуфэм деж. Советскэ частхэм, абы хуэдэ къабзу немецкэр къуэжэшхуэу Войловица, Старчево дахужахащ. Зауэ здырагъэкІуэкІхэм бийм хэкІуэдыкІыныгъэшхуэ ирехьэхІыр. Ди дзэхэм немецкэм яйуэ куэд къащтахэщ Іэщэ боеприпас, ирискъы щІэлъхэу склад 3, горючэ щІэлъуэ склад, гъущІгъуэгу эшелони 2 зауэ хьэпшып ярылъуэ. Плен къащІахэщ немецми, венгерми 1000-м нэс.

Петровград городым и ищхъэраІуэкІэ Н скэ с единением и частхэр зауэурэ ипэкІэ кІуэтахэщ километрэ 20-кІэ икІи къащтащ гъуэгу зэхыхьэпІэ Башайид. Псынщіу къыпэкІухь маневрэхэр ирагъэкІуэкІа нэужь, ди подразделением зэпиупщІащ бийм и зы гуп гуэр здыІукІыжыну гъуэгур. Советскэ боецхэр направление заулхэм деж немецхэм ятеуахэщ икІи бийм и солдатми, офицерми 800-м щІигъу зэтраукІахэщ.

* * *

Город Ломжа и къухьэпІаІуэкІэ немецкэ группитІ жэщым, артиллерийскэ нафІэм щІэтхэкІэрэ, Нарев псым къызэпырыкІынхэу щІэкъуахэщ. Пулемет нафІэр япыкъуэкІкІэрэ, гитлеровцхэр Іуадзыжахэщ. Нэмыщ зы участкэ гуэрым деж ди позициям бийр къытеуащ. Советскэ артиллеристхэмрэ пехотницхэмрэ нафІэ хуабжь кеызэІуахащ икІи немецкэр ирагъэкІуэтыжахэщ. Ахэр аргуэру атакэ къэкІуахэщ, ауэ ехъулІэныгъэ лэпІкъ къалъэщыфакъым. Бийм и атакэхэр зэпащІкІэрэ, ди подразделением зэхиукІащ гитлеровцхэу батальоным щІигъу, ягъэсахэщ икІи зэхакъутахэщ немецкэ танкми езырезыру зекІуэ топхэм хуэдэми 15.

* * *

Турка и пщэ къуэкІыпІаІуэкІэ (Дрогобыческэ областым и городщ) ди подразделениях ипэкІэ кІуэтахэщ икІи я позициях рикІ нэхъыфІ ящІахэщ. Зы участкэ гуэрым деж советскэ боецхэр жэщым пшагъуэм хэту и тылым ихьахэщ икІи абыхэм я траншейхэм яфІихьахэщ. Немецхэр зэрыгъащтэхэу хъейжьахэщ. Бийм и гуп заулхэм я зигъэнэныгъэхэр зэпащІа нэужькІэ, ди подразделением къищтащ лъэгапІэ псом нэхърэ нэхъ мыхэнэшхуэ зиІэр. Нэмецкэ солдатми офицерми 300-м нэс зэтраукІахэщ. Трофейуэ къащтахэм ящыщ топми миномётми 12, пулемет куэд, автомат, боеприпас, щІэлъу склад. Плен 60 къащІахэщ.

* * *

Трофейнэ документхэу, ди дзэхэм къащтахэм къагъэлъагъуэр, немецкэ армиям и кІуэцІкІэ дисциплинэр нэхъ лъэхъщэу къызэрехуэхар. Абхуэду, щапхъэу, 23-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командирым и приказ № 1590-м деж жеІэр: „Солдат куэдхэр зауэм кІуэн ядэхэркъым, переднэ крайр къагъанэхэр икІи куэдхэр къагупщысхэкІэрэ обозхэм е тылым макІуэхэр. 21-рей немецкэ пехотнэ дивизым и штабым и начальник Адлер и приказым етхыр: „Солдатхэр зы щІыпІэм къыщымынауэ куэд я частхэм къакІэрохухэр икІи абы къыкІэрыхухэр я хьэкъ гуащІу ІугъэщІэн хуейщ. Подвижной отряд къызэрагъэпэщахэщ майор Цуккель и командованиекІэ, икІуэтыжхэр къигъэувыІэну. Къаубыдахэр полевой судым ярамытыну амал иІэкъым, атІанэ яукІынхэу. УкІыныгъэ приказыр зэрекІуэкІар суточнэ приказхэм къифтхэ". 329-рей немецкэ пехотнэ дивизым и 552-рей полкым и солдат плен, къэхъуа Гельмут Штиль къыжиІащ: „Куэд щІакъым дэ офицерхэм къызэрыджаІэрэ, зы войсковая часть гуэрым отступать ищІмэ, подразделение къэсыхункІэ епщІанэрей солдатыр яукІынущ".

А фактым пэждыду жеІэр, немецкэ армиям и дисциплинэр зэрыщытыр. ИкІэ зэманым гитлеровцхэм солдатхэр гуп гупурэ яукІхэр я частхэм къакІэрыхуахэр икІи зауэм къыхэкІахэр. Арщхьэкlэ укІ зэпыткІэ германскэ армиям и къутэжыныгъэр щамыгъыІэн ялъэкІынухэкъым.

Октябрым и 6-м и оперативнэ сводкэ

Ленинградскэ фронтым и дзэхэм, десантнэ операция ехъулІэныгъэ хэлчу остров САРЕМА (ЭЗЕЛЬ) деж щырагъэкІуэкІахэм къыикІи къащтащ островым и къуэкІыпІэ часть 40 хъууэ, икІи икум километрэ 25-кІэ хьэу, зауэ здырагъэкІуэкІахэм деж къащтахэщ къуажэ 80-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ОРИССАРЕ, ПАЙДЕ, ВЯЛЬТА, РАННАКЮЛА, КИНИНГУСПАММАНА, МЕТСКЮЛА, КАРЬЯ, ПЯРСАМА, РЯАГИ, РАМЛА, КЫННУ, КОКСИ, КАХТЛА.

Румынскэ город АРАД и ищхъэраІуэкІэ икІи и ищхъэрэ-къухьэпІаІуэкІэ ди дзэхэр румынско-венгерскэ границэм зэпырыкІахэщ икІи немецкэ-венгерскэ дзэхэм я зигъэнэныгъэхэр зэпащІкІэрэ Венгриям и щІым деж къащтащ город, гъущІгъуэгу станциИ ДЬЮЛА город икІи гъущІгъуэгу зэхыхьэпІэ КЕТЕДЬХАЗА, город икІи гъущІгъуэгу зыхыхьэпІэ НАКО, город БАТТОРЯ, абыхэм хуэдэ къабзу зауэкІэ къащтахэщ къуажи 100-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр УГРА, ЖАДАНЬ, ГЕСТ, ЕЛЕК, НАДЬ КАМАРАШ, НАДЬ-АЛМАШ, КЕВЕРМЕШ, ДОМБИРАТОШ, КУНАГОТА, МАДЬЯРБАНХЕДЬЕШ, ВЕГЕДЬ-ХАЗА, МЕЗЕХЕДЬЕШ, ПИТВАРОШ, ЧАНАДПАЛОТА, КИРАЛЬХЕДЬЕШ, АПАТФАЛВА.

Югославиям и щІым деж город ПЕТРОВГРАД и ищхъэраІуэкІэ ди дзэхэм зауэкІэ къащтащ къуажэхэу ВОЙВОДА СТЕПА, РУСКО-СЕЛО, НОВА ЦРНЯ, ТОРДА, КУМАНЕ, НОВИ ДЕЧЕЙ.

Румынскэ город ТУРНУ-СЕВЕРИН и ищхъэ-къухьэпІаІуэкІэ ди дзэхэм Югославиям и Народно-Освободительнэ армиям и частхэр зауэу я гъусэхэу, къащтащ мы къуа-

(КІэухым етІуанэрей напэм ещІ)

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКІЫУ

Октябрым и 6-м и оперативнэ сводкэ

жэхэр Югославиям и щым деж ПОПОВИЦА, ЦРНАЙКА, ДУКЕ, ЖАГУБИЦА, ШАРБАНОВАЦ, МЕТОВНИЦА, ГАМЗИГРАДЛУБНИЦА ГРМИШТЕ, ЛЕНОВАЦ, ВРБОВАЦ, ВАЧЕРИЦА, ВАГРАДА, ВРБИЦА, МАЛЫЙ ИЗБОР. Ди дзэхэм Югославиям и Народнэ-Освободительнэ армиям и частхэр ягъусэхэу къаухъурейхьэщ немецкэ дзэхэм и нэхъыбапІэу МИЛАНОВАЦ, КЛОКАЧЕВАЦ, ЗАЕЧАР районхэм щыІэхэр икІи захэр зэтраукІэныгъэмкІэ зауэ ирагъэкІуэкІалъхэщ.

Фронтым и адрей участкэхэм—щІыпІэ мыхьэнэ иІэу зауэ щокІуэгуэрхэм щыпІэ разведчикхэр мэплъэкІуэхэр.

Октябрым и 5-м и кІуэцкІэ ди дзэхэм фронтым деж зэхакъутахэщ немецкэ танк 90. Хьэуэм щекІуэкІа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафІэмрэ къыраудыхащ бийм и самолети 7.

Октябрым и XXVII-рей илъэсым ехъулІэныгъэщІэхэр къэфлъэщауэ фпыкъуэкІхэ

(Фронтым къикІыу письмо)

Краснэ Армия лІыхъужьым и бийм къызэплъэкІыпІэ ирибийм ныкъуэкІыпІэ ирихьэлІэу. ЕхъулІэныгъэ кІуэтэкІэрэ, ди советскэ щІыгуу къэнэж щІагъуэ щымыІэу бийм къыІэщІегъэкІыжа хъущ. Иджы Краснэ Армиям немецкэ-фашистскэ зэрылъхъуакІуэхэр щызэтреуакІэр Югославиям и щым.

Краснэ Армиям и текІуэныгъэшхуэхэр кІыпльщІыныгъэм тылым щылажьэ советскэ щІыхъэмэ я гуащІэ хэлъщ. Советскэ щІыхъэм Краснэ Армияр, зэпычыгъуэ имыІэу, щакІэ, ІэщакІэ, щыгъынкІэ, ирискъыкІэ егъэщІ зэпытыр.

Сэ нобэ мы письмор нызотхыр окопым сису, си фончыпэр бийм дежкІэ гъэпсауэ. Немецкэ-фашистскэ хьэкІэкхъуэкІэ мащІэкъым си фочым къикІ шэм ихьар иджырикІ Іаджикі ихьэщ. Ди наступлениям кІэ щигъуэтынур Берлин дыдехьэмэщ—немецкэ хьэкІэкхъуэкІэ псомикІ и гъуэр здыщыІэм. Абы дыщынэсыну сыкъэтым къинэжыр мащІэщ. УвыІэгъуэ зимыІэу кІуэтэ Краснэ Армиям ар къегъэгъунэгъур.

Нобэ окопым сыздисым сэ сигу къэкІыжащ мы ужырей илъэсхэм си нэгу щІэкІа псоракІ: я дэ нэгъунэ ІэщакІэ уэздахэу 1941 гъэм немецкэ фашистхэр къыщыттеуар икІи ди гум къыщІитхъыу къыддалъхуа городхэр къыхуэдгъанэурэ, дыкъэзыщІэкІуэту зэрыщытар, атІанэ зэуэ зыкъизэкъуихыну, Краснэ Армиям бийр Варшава, Белград нэсыкъункІэ зэтыриукІыурэ зэрихужар.

А ехъулІэныгъэфІхэр къэлъэща хъуащ Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал товарищ Сталин къит руководствэ хьэлэмэт хэм щІэтурэ, Краснэ Армиямрэ советскэ народымрэ быду зэрыІыгъкІэрэ.

Великэ Октябрьскэ социалистическэ революциям и XXVII-рей илъэсыр къогъуэнэгъур. А махуэшхуэм ехъулІэныгъэфІхэр къэфлъэщахэу фпыкъуэкІынхэу сыныводжэр сэ сыкъыздалъхуа ди областым и гуащІэрыпсэухэм, колхозэтхэм, псом ящхьэу, сэ сыкъысщалъхуа Бесленей къуажэм и колхозэтхэм. Сэ фэ сыныводжэхэр Октябрь махуэшхуэм ирихьэлІу илъэс лэжьыгъэхэр фыуэну, гос поставкэр фгъэзэщІэну, бжьыхьэ вэн-сэныр, зябыр вэныгъэр ехъулІэныгъэ хэлъу евгъэкІуэкІыну.

Сэ си лъэныкъуэкІэ фкъызогъэгугъэр, черкэсхэм къадэгъуэгуркІуа лІыхъужьыгъэр зыхэзмыну, къыздалъхуахэр сымыгъэукІыту немецкэ фашистскэ зэрыпхъуакІуэхэр зэтезукІэну.

Аращи, узыншэхэу фщытхэ!

Гвардиа старший сержант.

А. С. Мурзаев.

Адресыр: Полевая почта № 68463.

Госпоставкэр октябрым и 10-м ирихьэлІу яухынущ

Псыжь къуажэм дэт „ШКМкІэ" эджэ колхозым и щІыкІуэ инн ежахэу нартыху къыдачыр. Махуэ къэсыхункІэ гу щыкІуэным, автомашинитІым нартыху Заготзерном ирашалІэхэр.

Колхозхэтхэр фронтовой декадникым хыхьахэу, обязательствэ къатащ госпоставкэр октябрым и 10-м ирихьэлІу яухыну.

Колхозым ипхъащ бжьыхьэсэ гуэдзу тектари 190. Адрей къэнэжа гектар 86 октябрым и 10 ирихьэлІу яухынущ.

А. Молхозов,

„ШКМ" колхозым и комсомольскэ организациям и секретарщ.

Союзникхэм я авиациям и зауэныгъэр

ЛОНДОН, октябрым и 6-м. (ТАСС). Рейтерым и агентствэм къызэритымкІэ, английскэ бомбардировщик соединение ин октябрым и 6-м и жэшым теуащ немецкэ гъущІгъуэгу зэхыхьэлІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Саарбрюкен-Абы хуэдэ къабзу Берлин бомбэкІэ еуахэщ.

Агентствэм и нэгъуэщІ сообщениемкъегъэлъагъуэр, 1000 м щІигъу „Летающэ крепость", „Либорейтор" самолетхэр теуауэ Рейн, Кельн щыІэ сортировочнэ станцхэм икІи Людштадт, Гандорф, Падеборн щыІэ аэродромхэмкІ.

Японскэ дзэхэр Фучжоу районым ирагъэтІысэхыныгъэмкІэ

ЧУНЦИН, октябрым и 6-м. (ТАСС). Сентрал НЬЮС агентствэм къетыр китайскэ командованием и сводкэ, абы жеІэр, сентябрым и 27-м и пщэдджыжым японскэ кхъухьхэр Миньцзан псыр здыхэлъэдэжым деж кІуахэщ, японскэ кавалерийскэ часть Фучжоу районым деж (Китайм и псыІуфэ ипщэ-къуэкІыпІэм деж портщ) ирагъэІысыкІхэм ядэІэпыкъуэ. Сентябрым и 28-м и пщыхьэщхьэм японцхэр къуэхьэпІэ лъэныкъуэм кІэ ипэкІэ кІуэтахэщ. Фучжоу километри 10 хуэдизкІэ пэжьжьэу зауэ щокІуэкІыр.

Международнэ обзор

Советскэ-германскэ фронтым деж немецхэм удын гуащІэ иджырикІ ирахащ. Эстонскэ ССР-м ирахужащ бийр. Десантыдзэхэр я дзІэпыкъуэгъуу советскэ дзэхэм къащтэжащ Хиумэ (Даго) островыр. Прибалтикэм деж немецкэ дзэхэм я Іуэхур нэхъри пэпхъуакІуэхэр. Нэмецкэ зэрыпхъуакІуэхэр Советскэ Прибалтикэм щырахужыну зэманыр жыжьэкъым.

Балканым Краснэ Армиям щыригъэкІуэкІ зауэхэм мэхъэнэшхуэ ин дыдэхэр иІэщ. Алтынэшхуэ ин дыдэхэр иІэщ. Ардонар, Бело-Церкова. Петровград пунктхэр къащтауэ, ди дзэхэр къуэкІыпІэ лъэныкъуэмрэ ищхьэрэ лъэныкъуэмрэ-кІэ Белград городым йокІуаліэхэр, адрей лъэныкъуэмкІэ маршал Тито и дзэр къокІуаліэр.

Советскэ дзэхэр Югославиям ихьэныгъэм зэхъуэкІыныгъэшхуэ хельэхьэр зэзауитІым я къарухэм.

* * *

Югославиям къыщыхъуахэм къыхэкІкІэ Венгриям и Іуэхур гузэвэгъуэ хъуащ. Краснэ Армияр Венгриям и границэм екІуэлІащ ищхьэрэ, къуэкІыпІэ, ипщэ лъэныкъуэхэмкІэ. Гитлеровскэ Германиям и икІэ рей сателлитыр и ехуэхыгъуэм нэсащ. Мамырыгъэм щІэкъуу Будапешт демонстрациях хэр щокІуэкІыр. Фашистхэм подпольем щІахуа политическэ партияхэм я лэжьыгъэхэр къаІэтыжащ, правительствэм еныкъуэкъуу листовкэ куэдхэр къыдагъэкІыр.

Гонвед солдату советскэ танк зыкъутэм гектар 2,5-м къыщыщІэдзауэ гектар 5-м нэс щІыуэ иратыну ягъэгугъэкІэрэ венгерскэ командованием я гугъэщ дзэм я гур ягъэфІыну. Ауэ венгерскэ солдатхэм абыкІэ къалэжьыфынур щІы метритІщ... Къэрал кІуэцым террорыр щагъэхуабжьынымпаІщІэкІэ Венгриям и Іуэху зехьэхэм зэрагъэпэщхэр „национальнэ гвардияхэр", зэрщхьэкІэ я гвардияхэм ягъэувыІэфынукъым Краснэ Армияр.

* * *

Немецкэ фашистхэм ящхьэхэм къызхагъэІукІыр немецхэм зэрагъэгугъа дзІэпыкъуныгъэм Хортияр щыгугъ зэрымыхъунур. Ар пэжщ, гитлеровцхэр пылъын ялъ... нукъым Венгриям и І... Ахэр абы хущІэхъэ... Ди Краснэ Армияр еуэ... къыдэщІыгъуу, ди со... хэм я дзэхэри къухьащ... ныкъуэмкІэ Германиям и ... ницэхэм къекІуалІэныгъэ... кІуэкІыр. Рейн псым и ... рэ епсэхыпІэмкІэ нем... обороныр щаІыгъым деж... личанхэм хьалэ ин дагъ... Ла-Манш деж немецхэ... щІэкІащ махъэнэпхуэ зи... зиця ар Кале быдапІэу... лиям и гъунэм топкІэ ... щІапІэращ. Самолет-с... хэр къыздилъэтыкІу ... кІыпІэу мыбдежым щ... гъэ союзникхэм я І...

Гиммлер и газет „Д... рцэ кор" сакъыныгъэ... щыгъупщэжауэ ... „бийр Европэм и бы... къытебэнащ" жиІауэ. ... няяр къаухъурэихащ... пІэ гуэрэхэм деж абы... убжэхэр зэщІитъэснъ... ди бийм и удын гуащІ... Іэр.

Гитлеровскэ германи... фІэмыкІыжыну ехуэ... погъуэгъур. Зы то... мобилизация закъуикІ д... къуэгъу хуэхъужыну... хьалэч хъунытъэм къелъ... кІэ.

* * *

Мазэ къом ипэкІэ ... ковскэ и гупым Варшав... зэхаша авантюрэр ик... сащ „Краевой армиякІэ... жэм и командованиям и... хэм заритащ, абы хэт ... хэрикІ бийм иратащ.

Краснэ Армиям и ко... ваниямрэ союзникхэм І... мандованиямрэ я унафэ... лъу, Польшэм и эмигр... правительствэм и ... Варшавэ щызэхаша выс... ниям цІыху куэд хэ... Варшавэ щызэхаша ... лыкъым и руководитель... рал Буру Варшавэ къ... хьагъэхэм, ар мыхъ... щІэу зэрызэхищам ... къабзэу мыхъуэмыщІу... щыжащ. Варшавэ ... Краснэ Армием дежкІ... кІуэжыным папщІкІэ ... зырикІ ищІакъым.

Абхуэдэщ я итогыр ... скэ реакционнэ къар... руководительхэм ягъэк... хъумыщІагъэхэм.

Гриш...

Западнэ Европэм щекІуэкІ зауэр

ЛОНДОН, октябрым и 6-м. (ТАСС). Средиземноморской театрым зауэ щезыгъэкІуэкІ союзникхэм я вооруженнэ къарухэм я штабым къыдигъэкІа хъыбархэм жаІэр, Италиям и центральнэ фронтым и секторым деж 5-рей американскэ, английскэ армиям и частхэм ипэкІэ кІуэтэныгъэр ирагъэкІуэкІахэщ. Американскэ дзэхэм кащтащ город Лойано бийм къыІэщІагъэкІыжа... род Монцуно. 8-рей ар... индийскэ частхэр Ри... къухьапІэІуэ бгы щІы... ипэкІэ щыкІуэтахэщ... къащтащ Виньола ... Щым щызэуаныгъэр ... хэм я активагъымкІ ... кІащ.

Ответ. редактор М. С...

Удз Іэзэгъуэ къэзыщыпІ колхозхэ, колхозхэ...

Черкесскэ областым и аптекэ посмикІ щІадзащ... гъуэ къызэхуахьэсыным икІи колхозхэм къ... удз ІэзэгъуэкІэ къыІэхыныгъэм. Удз Іэзэгъуэ къ... СССР-м и Совнаркомым и постановлениемрэ Нарком... товкэм и приказымрэ я ичъ итніэ колхозхэм, колхо... щхьэзакъуэ унагъуэхэм къат удз Іэзэгъуэр (хьэ... госпоставкэм ят кІэртІофым е нагъуэщІ хадэхэ... гъэуэныр: хьэцыбанэ гъэгъуауэ оы килограмым ... е нагъуэщІ хадэхэкІэу килограмми 8 нагъуэщ... Хьэцыбанэ зытхэм хуэмэ нагъуэщІ хьэпшынэ... иратыр.

Областей аптек...

ВУ 24154 Редакциям и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54 Черкесскэ областым и государственнэ типографиер

Фронтым ныкІыуэ сэлам

Великэ Октябрьское Социалистическэ революциям и XXVII-рей махуэшхуэ къэсым ирихьэлІэу сэ сыкъыздалъхуа хэкум исхэм фронтым ныкІыу сэлам ныфхузогъэхьыр.

Сэ нобэ зауэм сыІутщ. Ди хэкур зубыду, абы ис щІыхухэр пщылыпІэм изыгъэувэну пылъэ немецкэ хьэкІэкхъуэкІэхэр зэтызоукІэр. ЛІыхъужьыгъэр хэлъу сызэрызауэм щхьэкІэ фІыщІэгуапэ куэд къэсхьащ. Ди ипэкІи абхуэду къэзымыгъэлалу сызэуэну фызогъэгъуэр.

Праздникышхуэр къосыр. Мы махуэм дэтхэнэ зэмикІ зыхуегъэхьэзырыр абы зэрыхуэфащэнум хуэду пыкъуэкІынум щхьэкІэ. Дэ фронтым щыІэхэм а махуэшхуэм зыхудогъэхьэзырыр фриц нэхъыбэ укІа зэрыхъунумкІэ ди советскэ щІыгум зы немец закъуикІ къимыну псынщІу ихужа хъунытъэм дыщІоэзэур.

Фэ тылым щылажьхэр фы... къыхузоджэр нэхъри фІыуэ фылэжьэнхэу, Краснэ Армиям къарууэ фІэм фемыблэжу, фыкъыдэІэпыкъунхэу, къэралым гъавэ етыныгъэр псынщІагъэр хэлъу фгъэзэщІэну икІи бжьыхьэ вэн-сэныр ехъулІэныгъэ хэлъу евгъэкІуэкІыну.

Х. Барануков.

Полевая почта № 56226—А.

Областым и районхэм я кІуэцкІэ бжьыхьэ вэн-сэныр зэрекІуэкымкІэ

Сводкэ

Октябрым и 6-м ирихьэлІу бжьыхьэ вэн-сэнымкІэ районэм яубыд увыгъуэхэр.

1. Хабезский.
2. Черкесский.
3. Кировский.
4. Икон-Халкский.
5. Кувинский.